# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–13 अक्टूबर 2024 भोजपुरी समाचार

बहुस्तरीय कनेक्टिविटी बदे प्रधानमंत्री गतिशक्ति नेशनल मास्टर योजना के तीन बरिस पूरा भइले पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एकर सराहना करत कहलें हवे कि ई पहल भारत के बुनियादी ढ़ाचा के नया रूप देवे में खास भूमिका निभवले हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि ई प्लान नया भारत में अत्याधुनिक आधारभूत ढांचा अउर मल्टी मॉडल कनेक्टिविटी बदे एगो क्रान्तिकारी पहल साबित भइल हौ।

आर्थिक क्षेत्रन के बहुस्तरीय कनेक्टिविटी अउर अवसंरचना प्रदान करे बदे एकर सुरूआत कइल गइल रहे। केन्द्रीय वाणिजय अउर उद्योग मंत्री पीयूष गोयल काल्हि कहले कि प्रधानमंत्री गतिसक्ति मूलभूत परियोजना के बनउले अउर ओके लागू कइले क तरिका में आदर्स बदलाव कइले हौ। एकर प्रभाव परियोजना के तेजी से लागू कइले कम लागति अउर देस के हर कोना में पहुंचे वाली बेहतर सेवा में देखल जा सकेला।

**********

गृह मंत्रालय सज्जों केन्द्रीय विभाग राज्य अउर केन्द्र सासित प्रदेसन से चौबीस अक्टूबर के संयुक्त राष्ट्र दिवस के मौका पर सज्जो खास भवन के उप्पर राष्ट्रीय झंडा के साथे संयुक्त राष्ट्र क झंडा लगउले क अनुरोध कइले हौ। निरदेस में साफ कइल गइल हौ कि राष्ट्रपति भवन, उप राष्ट्रपति आवास, संसद भवन, सर्वोच्च न्यायालय, राज भवन, राज निवास, विधान परिसद भवन, विधानसभा आ उच्च न्यायालयन पर ई झंडा नाही लगावल जाई।

**********

नवरातन अउर दसहरा तिउहार में लगतारे तीन दिन पूजा में सामिल भइले के बाद मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन कार्यक्रम में करीब तीन सौ लोगिन क समेस्या सुनलें। उहां के अधिकारियन के जन समेस्या क तेजी से निस्तारण क निरदेस दिहलीं। इलाज में आर्थिक सहायता बदे पहुंचल लोगिन के उहां के भरोसा देहलीं कि इलाज बदे भरपूर मदद देहल जाइ। उहां के अधिकारियन के निरदेस दिहलीं कि इलाज से जुड़ल प्रक्रिया जल्दी से जल्दी पूरा करा के सासन के भेजल जाव। मुख्यमंत्री कहलीं कि प्रदेस सरकार नागरिकन के जिनगी में खुसहाली लावे बदे प्रतिबद्ध हौ।

**********

प्रदेस के कई जिला में आजु दुसरको दिन दुर्गा प्रतिमा के विसर्जन कइल जा रहल हौ। बहराइच जिला में करीब ड़ेढ़ हजार प्रतिमा के महाआरती के बाद विसर्जित कइल जा रहल हौ। विसर्जन वाली जगहि पे पुलिस, गोताखोर अउर मेडिकल टीमि क इतेजाम कइल गइल हौ।

**********

बितल चौबीस घंटा में प्रदेस में दू अलग–अलग सड़क हादसा में छह लोगिन क मउति हो गइल जबकि चारि जने घाही हो गइले। इटावा जिला के उसराहाट थानाक्षेत्र में आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पर काल्हि देर राति एगो कार के सड़क पर खाड़ क्रेन से टकरइले से कार चालक एगो रूसी महिला आ एगो अफगानी महिला क मउति हो गइल। ई सज्जों लोगि लखनऊ से दिल्ली लउटत रहलें। घाही लोगिन के सैफई मेडिकल यूनिवर्सिटी में इलाज चलि रहल हौ। ओहीं हापुड़ जिला के चॉदी नगर थाना क्षेत्र में ईस्टर्न पेरिफेरल एक्सप्रेस–वे पर लहचौड़ा के लग्गे एगो ट्रक के खड़ा केन्टर में टक्कर मरले से तीनि लोगिन के मउति हो गइल। एगो घाही अदमी के अस्पताल में भरती करावल गइल हौ। हरियाण से गाजियाबाद जा रहल ई लोगि ट्रक के पाछे केन्टर खड़ा कई के उतरत रहलें जब ई हादसा भइल।

**********

भारतीय जनता पार्टी क नेता अउर रायबरेली जिला के उचाहार विधानसभा क्षेत्र से पूर्व विधायक गजाधर सिंह क आजु भिन्नही हृदयगति रूकले से मउति हो गइल। ऊ सतहत्तर बरिस के रहलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर पूर्व केन्द्रीय मंत्री स्मृति ईरानी उनके मउति पर गहरा दुखः जतवले हइनि।

**********

मौसम विभाग पूर्वी उत्तर प्रदेस में अगिला तीनि दिन ले मौसम सुस्क रहले के संभावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक पिछला चौबीस घंटा के दौरानो मौसम सुस्क बनल रहल अउर राति के तापमान में कउनो बड़ा बदलाव नाही भइल। काल्हि बनारस मंडल में दिन क तापमान में काफी गिरावट भइल बकिर, बाकी जगहिन में कउनो बड़हन बदलाव नाही रहे।

**********

आजु अंतर्राष्ट्रीय आपदा जोखिम समन दिवस हौ। ई दिन आपदा समन में सिक्षा के महातम के उजागिर करे बदे मनावल जाला। येह बरिस के आपदा जोखिम समन दिवस क विषय हौ–ससक्त भारत बदे अगलि पीढ़ि क ससक्तिकरण।

**********